



Pou Piblikasyon Imedya: 11/2/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN NOUVO SITWÈB 'CHEMEN ATRAVÈ ISTWA AN REKONESANS A MWA ISTWA ETA NEW YORK

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te entwodui nouvo [sitwèb](#) Chemen atravè istwa an selebrasyon mwa istwa Eta New York. Nouvo sitwèb la prezante navigasyon vizyèl ak senplifye ak fasil pou itilize pou ede vwayajè yo planifye vizit nan sit yo nan eta lè yo itilize 13 tèm inik ki eksplòre kilti rich ak istwa natirèl New York.

“Grasa Chemen Atravè Istwa, nap bay Nouyòkè ansanm avèk vizitè ak Nouyòkè yo opòtinite pou fè yon vwayaj atan epi dekouvri sit ansanm avèk moun yo ki te ede fòme eta ak peyi nou an,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou selebre mwa istwa Eta New York lè nou pran avantaj nan nouvo sitwèb sa epi planifye yon vwayaj pou aprann plis sou pase dinamik nou.”

Tèm yo se: Art & Kilti, Kanal, Dwa Sivil, Istwa Kolonyal, Imigrasyon, Inovasyon, Ameriken Natif Natal, Istwa Natirèl Lagè Revolisyonè, Istwa Spòtif, Prezidan Etazini yo, Lagè 1812, ak dwa fi yo. Lòt amelyorasyon nan sitwèb la enkli rechèch amelyore avèk posibilite pou fè yon rechèch pa tèm, atraksyon, reyon oswa aktivite, kat pou gade fasilman chemen ki te idantifye lokasyon Chemen Atravè Istwa, tradiskyon lang etranje, ak zouti pou planifye yon vwayaj kap pèmèt itilizatè yo kreye epi konsève pwòp itinerè yo anba tabilasyon “My Trip”. Ou ka wè imaj nouvo desen sitwèb la [isit la](#), [la](#) ak [la](#).

Pwogram Chemen Atravè Istwa dispoze yon kantite eksperyans kap rete tann itilizatè yo, enkli mize istwa reyèl, fò ak moniman militè, kay istorik ak atis, sis dènye prezidan Etazini yo, ansanm avèk istwa dwa fi yo. Pwogram lan enkli tou selebrasyon wikenn Chemen Atravè Istwa, sa ki te genyen 60 pousan ogmantasyon nan aktivite 2015. Wikenn Chemen Atravè Istwa 2016 la ap fèt nan dat 18 ak 19 jen.

Gouvènè Cuomo te mete sou pye pwogram Chemen Atravè Istwa nan mwa dout 2012 pou kreye yon lokasyon senplifye pou itilizatè yo eksplòre istorikman ak peyizaj ki kiltirèlman enpòtan, destinasyon, ak aktivite toupatou nan Eta New York. Plis pase 3,200 moun te siyen ansanm avèk New York State Thruway ansanm avèk yon kantite kyòs ki lokalize nan zòn repo ki bay vwayajè yo yon opòtinite pou egzamine enfòmasyon osijè pwogram nan. Envestisman nan eritaj vwayaj touris nan Eta New York te lakoz nan yon enpak ekonomik \$5 milya nan 2013.

“Vizite yo nan sitwèb Chemen Atravè Istwa ka chwazi yon destinasyon epi eksplòre 13 tèm eritaj New York yo,” **te deklare Prezidan ESD, PDG & Komisyonè Howard Zemsky**. “Nouvo sit la ankouraje vwayajè yo pou vizite peyizaj istorik prefere oswa eksplòre yon destinasyon ke yo pat janm ale anvan epi kreye pwòp chapit istwa pandan mwa istwa Eta New York.”

“Novanm se mwa istwa Eta New York,” **te deklare Komisyonè Edikasyon Eta MaryEllen Elia**. “Nan eta, Nouyòkè tout laj ka aprann sou istwa Empire State nan mize, bibliyotèk ak enstitisyon kiltirè yo. Konsèy administrasyon an ansanm avè m envite tout moun – etidyan, pwofesè, fanmi – pou patisipe nan yon pwogram istwa nan kominote yo epi aprann plis osijè istwa ekstraòdinè eta.”

“Mwa istwa Eta New York se yon opòtinite pou Nouyòkè yo selebre istwa ekstraòdinè eta nou an,” **te deklare Direktè Mize Eta Mark Schaming**. “Sitwèb Chemen Atravè Istwa se yon gwo resous piblik la ka itilize pou eksplòre istwa Empire State pandan mwa istwa Eta New York. Anplis, Konsèy Administrasyon an ansanm avèk Mize Eta, ansanm avèk plizyè milye enstitisyon kiltirèl nan eta, kontan pou ofri yon varyete pwogram istwa pou kominote a pandan tout mwa novanm lan.”

Istwa kiltirèl rich New York te prezante ane sa nan pwomosyon I LOVE NEW YORK avèk Whoopi Goldberg. Gade piblisite a [la](#).

An rekonesans a mwa istwa Eta New York, Divizyon Touris / I LOVE NEW YORK ap òganize yon kanpay medya sosyal pou mwa novanm lan. Chak jou, medya sosyal, I LOVE NEW YORK ap afiche fè istorik lè yo itilize hashtag [#NYSHistoryMonth](#). Gade kanpay la [isit la](#) ak [la](#) epi swiv I LOVE NEW YORK sou [Facebook](#), [Twitter](#) ak [Instagram](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sit istwa Eta New York, aktivite oswa tèm, vizite: www.iloveny.com/paththroughhistory.

Enfòmasyon sou Path Through History

Path Through History prezante espas ak evènman ki gen enpòtan istorik ak kiltirèl toupatou nan Eta New York. Pwogram lan, Gouvènè Cuomo te entwodi a, chita sou atraksyon touris eritaj New York ki deja solid. Pwogram nan konsantre pou kounye a sou 13 tèm: Art & Kilti, Istwa Natirèl, Prezidan Etazini, Dwa Fanm, Kanal & Transpòtasyon, Dwa Sivil, Istwa Kolonyal, Imigrasyon, Inovasyon & Komès, Lagè Revolisyonè, Eritaj Ameriken Natif Natal, Istwa Spòtif ansanm avèk Lagè 1812. Yo te chwazi espas ak evènman enpòtan eritaj la toupatou nan eta a avèk remak kèk nan istoryen prensipal yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://www.paththroughhistory.ny.gov>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418